

# REPUBLIQUE DU BURUNDI



PRESIDENCE DE LA REPUBLIQUE  
Secrétariat Général de l'Etat

## **ITANGAZO RY'INAMA Y'ABASHIKIRANGANJI N°10 YO KU WA GATATU** **IGENEKEREZO RYA 30 MYANDAGARO 2023**

Inama y'Abashikiranganji yarakoranye kuri uyu wa Gatatu igenekerezo rya 30 Myandagaro 2023 i Bujumbura, irongowe na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, Jenerari Majoro Varisito NDAYISHIMIYE.

Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu ahejeje gushikiriza urutonde rw'ivyihwezwa muri iyo nama rukongera rukemezwa, yaciye aha umwanya Umushikiranganji wa Mbere ngo ashikirize icegeranyo c'ivyavuye mu nama nteguza y'iyo nama nshikiranganji, yabaye kw'igenekerezo rya 19 Myandagaro 2023, ivyihwejwe navyo bikaba ari ivyari ku rutonde rw'ivyigwa.

Ivyihwejwe ni ibi bikurikira:

- 1. Integuro y'ishusho ry'Uburundi twipfuzwa nk'igihugu cifashe mu mwaka w'2040, n'igihugu giteye imbere mu mwaka w'2060, yashikirijwe n'Ibiro vy'Umukuru w'Igihugu.**

Itegurwa ry'igitabu cerekana ishusho ry'Uburundi twipfuzwa nk'igihugu cifashe mu mwaka w'2040 n'igihugu giteye imbere mu 2060 ryatanguye inyuma y'inama rukokoma ku vyerekeye iterambere yabereye i Bujumbura muri Munyonyo 2021.

Iyi nteguro ifatira kandi kuvyapfunditswe n'ivyashikirijwe n'ayandi makoraniro atandukanye y'urwaruka, abakenyezi, abarundi baba mu mahanga, abikorera ivyabo, amashirahamwe adaharanira inyungu za politike, imigamwe, n'abatowe. Irashiramwo kandi n'ivyavuye mu vyiye umviro vy'abafashanya n'Uburundi.

Ishusho ry'Uburundi twipfuzwa cifashe mu mwaka w'2040 n'igihugu giteye imbere mu 2060 izisungwa mu gutegura imigambi y'iterambere ku kiringo kirekire, mu gutorera inyishu ibibazo bihari kubaba mu Burundi muri iki gihe no kubazovuka.

Ivyo bigaragaza icemezo Reta y'Uburundi yafashe co guhindura ibijanye n'ubutunzi n'inzeho, no gukora ibishoboka kugirango ibisata vyose bikore neza, n'abantu babeho neza. Kugirango ivyo bishoboke, iyi nteguro ishingira ku bintu bitanu bikurikira:

- i. Ivyo Reta yiyemeje ;
- ii. Gutunganya neza ivy'ubutunzi ;
- iii. Ugutunganiriza bose ;
- iv. Ibinyabuzima n'amatungo birama ;
- v. Ugufashanya gufise ico kumariye igihugu.

Ibisata bitunganya imigambi bizotegerezwa kuyisunga.

Mu gushikira Uburundi bwifashe twipfuza mu mwaka w'2040, hari ibintu bishika mirongo ibiri na bibiri bitegekanijwe (22) kuzorangurwa.

Kugirango iyi nteguro ishira mu ngiro neza, abanegihugu bategerezwa kuyigira iyabo.

Ishirwa mu ngiro ryayo risaba kandi kwumva ko igwirirana ry'abantu ritegerezwa kujana n'ikoreshwa neza ry'ivy'igihugu gifise, be n'uko abarundi boba incabwenge bagahurumbirwa mu buzi haba aha mu gihugu canke mu mahanga.

Icivugo ni uko mu mwaka w'2040, uburundi bwoba ari igihugu kirangwamwo amahoro, umwe wese abaho neza, ata n'umwe yopfa ahitanwe n'icari gukingwa, ubutunzi bwisununuye bivuye ku bisata vy'uburimi n'amahinguriro, no gucukura ubutare ku nyungu z'abenegihugu, ibidukikije bikingiwe, ata gukumirana.

Ku bw'ivyo, iyi nteguro itanga intumbero ikaba n'urupapuro rw'inzira rw'iterambere ry'ubutunzi n'imibano mu Burundi.

Muri rusangi, iyi nteguro ihagaze ku bintu bitatu bikurikira :

- Gusubiramwo ingene ivy'ubutunzi bitunganijwe kugirango butere imbere bidahungabaniye ibidukikije;
- Gufata ingingo hisunzwe ibintu bigaragara, uburyo nabwo bugakoreshwa haboneka ico buzovyara;
- Guteza imbere imibereho y'abantu, n'igwirirana ry'abo rigakurikiranwa neza ;

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyi nteguro, **yarayemeje**, ivyashikirijwe navyo bikaba ari ibi bikurikira:

- Muri iyi nteguro hojamwo amashusho yerekana Uburundi dushaka mu mwaka w'2040 no mu mwaka w'2060 ;
- Ku bijanye no gukomeza ubushozi bw'inzego, hokwitabwaho kunagura ubumenyi bw'abakozi, gukomeza igisata c'ubutungane, ic'umutekano n'intwari ;
- Ku vyerekeye kutazera inze, gushimikira :
  - o K'uguteza imbere urudandazwa;
  - o Gukwega imitahe mvamahanga;

- Kurondera ubuhinga mu bisata bitandukanye ;
  - Gukomeza intwari ibereye mu butunzi no mu mibano.
  - Iyi nteguro yoshirwa mu rurimi rw'Ikirundi ;
  - Iyi nteguro yomenyekanishwa mu Nama Nshingamateka na Nkanguzamateka, ikongera igasigurirwa abenegihugu bose kugirango umwe wese ayiyumvemwo yongere ayigire iyiwe ;
  - Ku bijanye n'ibindi bitabo bizoherekeza iyi nteguro:
    - Gushimikira k'uguteza imbere igisata c'ibiharuro (statistiques) ;
    - Kwerekana ivyo ubutunzi bw'igihugu bushingiyeko muri iki gihe ;
    - Kwerekana ibizozza birasuzumirwako vyerekana ko ayo mahangiro yo mu mwaka w'2040 na 2060 ariko arashikwako ;
  - Mw'ishirwa mu ngiro ry'iyi nteguro, ubushikiranganji bwose bwokwerekana ingene igisata kimwe kimwe cifashe muri iki gihe, ingene gitegerezwa kumera, be rero n'ibibuze.
2. **Integuro y'ibwirizwa ryemeza amasezerano hagati ya Reta y'Uburundi n'Ikigega c'Isi yose co kurwanya Sida, Igituntu na Malariya ku bijanye n'uturusho n'ubudahangarwa vy'ico Kigega, yashikirijwe n'umushikiranganji w'amagara y'abantu no kurwanya Sida.**

Ikigega kijejwe kugwanya Sida, Igituntu na Malariya kw'Isi cashinzwe mu mwaka w'2002 kugirango kize kiregeranya congera gikoresha uburyo bwatanze mu kurwanya izo ngwara zitatu zandukira zihitana abantu benshi kw'Isi.

Kuva icyo gihe, icyo kigega cemeje amasezerano cumi n'atandatu (16) ajanye n'imfashanyo zihabwa Uburundi.

Uburyo butangwa n'icyo kigega bufasha kugura imiti yose ikoresheya mu kuvura igituntu mu Burundi, iyivura Sida ku bice mirongo icenda kw'ijana (90%) n'iyivura malariya ku bice mirongo umunani na bitanu kw'ijana (85%) ariko imisegetera yose nico kiyitanga.

Muri iki gihe, imfashanyo zine (4) nizo ziriko zirakoreshwa, imwe ikazohereza n'umwaka w'2025, zitatu nazo zikazohereza n'uyu mwaka w'2023.

Iyemezwa ry'aya masezerano riri muvuye Uburundi bwiyeje mu gihe bwagiranira amasezerano ngenderwako n'icyo kigega kw'igenekerezo rya 18 Munyonyo 2015.

Inyuma y'ayo masezerano ngenderwako, ayajanye n'uturusho n'ubudahangarwa vy'ico kigega kijejwe kugwanya sida, igituntu na malariya kw'isi kijejwe kugwanya sida, igituntu na malariya

kw'isi yaciye aterwako umukono na Reta y'Uburundi kw'igenekerezo rya 10 Myandagaro 2016.

Iyemezwa ryayo niyo ntambwe ya nyuma yari isigaye.

Inama nshikiranganji imaze kwihweza iyo nteguro, **yarayemeje**.

**3. Integuro ishiraho amategeko agenga akarangamutima k 'abakozi bo kwa muganga, yashikirijwe n'Umushikiranganji w'amagara y'abantu no kurwanya Sida.**

Mu mirimo yabwo yo gukurikirana ingene ibikorwa biriko birarangurwa, ubushikiranganji bujewe amagara y'abantu bwarabonye ko hari ibikeneye gukosorwa ku bijanye n'ingene abitura ubuvuzi bakirwa, n'ingene batunganirizwa, kuva bagishika kw'ivuriro gushika batahuke iwabo.

Utwo tunenge twibonekeza dutegerezwa kwandikwa mu mategeko abakozi bo kwa muganga bisunga, hagategekanywa n'ibihano ku waciye ku biri n'ayo mategeko.

Ico gitabu c'amategeko gifise akamaro kanini kuko cerekana :

- Ingingo zifasha kugirango abavuzi n'abakora kwa muganga batunganirize abantu neza ;
- Ibisabwa abitura ubuvuzi mu ntumbero yo kworohereza abavuzi n'abakora kwa muganga ;
- Ibihano bihabwa uwarenze kuvyo iki gitabu c'amategeko gitegekanya.

Muri rusangi, iyi nteguro y'itegeko yerekana ibitegerezwa gukurikizwa n'abakora kwa muganga mu gihe bari ku mirimo yabo.

Inama nshikiranganji yari yarihweje iyi nteguro muri Kigarama 2021, irayisubiza inyuma, kugirango ihinyanyurwe neza.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro ihinyanyuwe yashikirijwe, **yarayemeje**, ivyashikirijwe navyo bikaba ari ibi bikurikira:

- Gukora ibishoboka kugirango ibitaro n'amavuriro vya Reta bikore nk'ivyabigenga mu kwakira no gutunganiriza abavyitura;
- Kwumvisha abakozi bo kwa muganga akamaro ko kugumiriza ibanga uwabituye ku bijanye n'amagara yiwe ;
- Kuraba icokorwa kugirango abaganga b'abahinga ntibabandanye baherera hanze y'igihugu ;
- Kwigisha uwipfuzza kuba umuganga akarangamutima kuva agitangura ivyigwa kugirango yumve neza ico ahamagariwe ;

- Kwumvisha abaganga bagatahura ko bari aho kugirango batabare abarwayi babitura;
- Gukora ibishoboka kugirango mu mwaka w'2025 Komine yose ibe ifise ibitaro n'umuganga umwe, n'imiburiburi ;
- Kuraba mu bitaro biri ngaha mu gihugu ivyoshobora kwakira abantu b'abanyacubahiro, bikaronswa ivya nkenerwa kugirango ivyo kuja kwivuza hanze y'igihugu bigabuke.

**4. Integuro y'itegeko rishinga rikongera rigatunganya urwego rw'abahinga bakorera mu gisata c'amagara y'abantu.**

**5. Integuro y'itegeko rishinga rikongera rigatunganya urwego rw'abaforoma n'abakirizi mu Burundi.**

Izo nteguro uko ari zibiri zashikirijwe n'umushikiranganji w'amagara y'abantu no kurwanya Sida.

Reta y'Uburundi yamye yitwararika amagara y'abantu.

Nico gituma yashizeho urwego rw'abaganga kugirango rufashe mu gucungera no gukurikirana ko amagara y'abantu yitaweho neza. No mu gitabu c'amategeko agenga ingene abantu bavurwa mu Burundi, harategekanijwe ishishirwaho ry'inzeho z'abahinga muvuye amagara y'abantu.

Ikindi naco n'uko igwirirana ry'amashuri y'abigenga ryigisha ubuvuzi ryatumye ubushikiranganji bujewe amagara y'abantu buhamagarirwa gukurikiranira hafi abakora kwa muganga bize mu mashuri atandukanye kandi mu buryo butandukanye.

Abakozi bo kwa muganga babonye kandi bikenewe ko boja ku rwego rwa bagenzi babo, cane cane abo muri aka kere k'ibihugu vyo muri Afrika y'Ubuseruko mu bijanye no gutunganya urwego rwabo.

Kubera bari mu mashirahamwe kuva mu myaka y'1990, barashikirije icipfuzo c'uko bogira urwego rubafasha gushigikira Reta mu guteza imbere ubuvuzi n'amagara y'abantu.

Izo nteguro zibiri zishiraho izo nzeho zije kuzibira ico gihengeri cari kihananzwe, kugirango izo nzeho zishobore guterera mu gucungera no gukurikirana ibikorwa kwa muganga, gurtyo abivuzi bakungirwe bongere batunganirizwe neza.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino izo nteguro uko ari zibiri, **yarazemeje**, ivyashikirijwe navyo bikaba ari ibi bikurikirana:

- Mu buryo ayo mashirahamwe akoresha, gukuranwo imfashanyo ya Reta;
- Gukuramwo ingingo ivuga ko kizira gufata amatungo y'izo nzeho.

**6. Utuntu n'utundi**

- Umushikiranganji w'indero n'ubushakashatsi yaramenyeshije inama nshikiranganji ibijanye n'ishingwa ry'urugero rw'amanota asabwa kugirango umunyeshule ave mw'ishule shingiro yungururizwe mw'ishule rikurikira ishule shingiro muri uyu mwaka turimwo.

Mu gushinga urugero rw'ayo manota, hisunzwe ibi bikurikira :

- Ibibanza biri mw'ishule rya mbere rikurikira ishule shingiro;
- Ibibanza biri mu mashule ya Reta afise uburaro, n'ayo mu Gisagara ca Bujumbura;
- Uburyo buhari bwo gufungurira abanyeshule bari mu ndaro;
- Ibibanza biri mu ma Lycée y'ama Komine;
- Abanyeshule baja mu kirasi kimwe kimwe.

Hafatiwe kuri ivyo vyose, urugero rw'amanota rwaciye rushirwa kuri mirongo itandatu n'umunani ku majana abiri (68/200), ni ukuvuga mirongo itatu n'ane kw'ijana (34%), hanyuma amanota umunyeshule ategerezwa kuba afise kugirango aje mw'ishule rya Reta rifise uburaro no mu mashule ya Reta ari mu Gisagara ca Bujumbura akaba ari ijana na cumi n'atandatu ku majana abiri (116/200), ni ukuvuga mirongo itanu n'umunani kw'ijana (58%).

- Mu gusozera, Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu yasavye abashikiranganji kuza baramenyeshya abenegihugu ibiriko birakorwa mu bushikiranganji bajejwe.

Bigiriwe I Bujumbura, igenekerezo rya 31 Myandagaro 2023

Umunyamabanga Mukuru wa Reta akaba n'Umuvugizi

Prosper NTAHORWAMIYE